



Yon chans pou montre sa w konen

Chè Nouyòkè,

Chak ane, elèv nan klas 3yèm ane jiska klas 8yèm ane ap pran egzamen Konpozisyon angle (English Language Arts, ELA) ak egzamen Matematik eta Nouyòk. Elèv senkyèm ak uityèm ane pral pran egzamen syans eta yo tou. Nou tout konnen "sezon egzamen" pote yon pakèt emosyon pou elèv, anplwaye, ak fanmi nou yo. Se yon moman ki pote anpil estrès!

Men, gen yon lòt fason pou nou abòde egzamen sa yo—kòm yon opòtinite pou timoun nou yo montre sa yo konnen. Jou apre jou, yo te travay di pou rive aprann. Yo te pratike dekodaj epi devlope konesans fonèm atravè NYC Reads. Yo te devlope ladrès pou rezoud pwoblèm nan klas matematik ak eksperyans nan klas syans. Yo te abòde pwoblèm nan mond reyèl la nan Syans sosyal. Yo pare! Ane pase, rezilta nou yo te montre [pwogrè ki gen pwomès](#), epi mwen kontan anpil pou m wè tandans sa a ap kontinye an 2024.

Fanmi ak anplwaye, ki fason ou ka sipòte elèv nou yo prentan sa a? Men kèk ide:

- **Prepare yo pou siksè.** Asire elèv yo byen dòmi nuit avan an epi manje manje maten, swa lakay yo oswa nan lekòl la, nan jou egzamen yo. Fè yo konnen ke se tan pa yo pou briye.

Bay yo anpil ankourajman avan egzamen yo—yon nòt post-it sou biwo yo, yon papach pou bay yo konfidans, oswa yon ti pawòl ankourajman rapid kapab fè yon gwo diferans.

- **Raple yo sa egzamen sanse fè, ak sa yo pa sanse fè.** Egzamen sa yo bay lekòl nou yo enfòmasyon enpòtan sou pwogrè elèv ak fason nou ka sipòte yo, men yo pa sèl mezi ki genyen. Nòt nan klas, travay nan klas, echantiyon tèks, ak lòt devwa enpòtan menm jan an.
- **Prepare elèv klas senkyèm ak uityèm ane pou egzamen yo bay sou òdinatè.** Chanjman sa a nan egzamen an yo bay sou òdinatè a se yon egzijans eta a, kòm premye etap nan yon tranzisyon twa ane pou bay egzamen an sou entènèt nan tout eta a. Lekòl yo ka chwazi tou pou bay egzamen sou entènèt pou lòt nivo klas yo. Nenpòt fason, elèv nou yo prepare; tout nivo klas lekòl ki patisipe yo te bay egzamen pratik kòm yon pati nan yon eseyaj nan tout eta a nan mwa janvye a. Elèv ka fè pratik tou [poukont yo](#) si yo vle.

Pou plis enfòmasyon sou egzamen sa yo, al gade [gid pou elèv k ap patisipe](#) nou an ak [resous pou paran](#) eta a. Epi sonje, egzamen sa yo fèt pou sèvi yon bagay ki gen plis enpòtans pase yon nòt egzamen. Yo se yon opòtinite pou elèv montre sa yo konnen ak yon apèl pou nou pran aksyon, antanke adilt, pou asire n ap gide timoun nou yo pou yon bon demaraj avèk yon avni asire.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Video aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).